

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Wawacan Pangantén Tujuh mangrupa karya sastra buhun dina wangu tinulis anu bisa dijadikeun bahan pikeun nambahana pangaweruh dina widang sastra. Ieu wawacan ngandung ajén-ajén anu luhung di antarana ajén kagamaan, ajén budaya, ajén kamasyarakatan, ajén psikologi jst.

Dina prosés panalungtikan kapanggih hal-hal atawa data saperti ieu di handap:

- 1) Ieu wawacan nyaritakeun ngeunaan tujuh pasang pangantén anu nikah dina poé Juma'ah. Poé Juma'ah dipaké nikah ku sababaraha nabi jeung sahabat, nya éta Nabi Adam ka Babu Hawa, Nabi Yusuf ka Julaéha, Nabi Sulaéman ka Ratu Bulqis, Nabi Musa ka Sapura, Nabi Muhammad ka Siti Hodijah, Nabi Muhammad ka Siti Aisah, jeung Ali ka Fatimah.
- 2) Unsur intrinsik dina ieu wawacan, nya éta : (a) Téma anu nyampak dina *Wawacan Pangantén Tujuh*, nya éta nikah téh ibadah, (b) Galur nu dipaké dina ieu wawacan, nya éta galur mérélé anu susunanna silih sinambung lantaran di awal carita ngawanohkeun heula palakuna, tuluy ditéma ku rupa-rupa kajadiana nepi ka pungkasna carita, (c) Palaku utama anu ngalalakon dina Wawacan Pangantén Tujuh, nya éta Nabi Adam, Babu Hawa, Nabi

Yusuf, Siti Julaéha, Nabi Musa, Sapura, Nabi Muhammad SAW, Siti Hodijah, Siti Aisah, Baginda Ali, jeung Fatimah. Palaku bawahanana nya éta, Maésaroh, Nabi Suéb, Rahib, Abu Bakar, Hud-hud, Pira'on, Rayan bin Walid, hakim, Sofyan jeung Masthoh, (d) Latar tempat nu aya *Wawacan Pangantén Tujuh*, di antarana sawarga, langit, karaton, Nagri Yaman, pancuran, dapur pameuleuman Roti, Arpah, Mesir, jeung bui, latar suasana nu aya dina *Wawacan Pangantén Tujuh* nya éta di antarana hariwang, bungah, sedih, ramé, jeung ngambek, latar waktu nu aya dina *Wawacan Pangantén Tujuh* di antarana waktu sapoé sapeuting dumasar kana kajadian alam nya éta wanci isuk-isuk, poé Jum'ah jeung peuting.

- 3) Pupuh nu digunakeun dina wawacan Pangantén Tujuh aya 10 pupuh. Guru lagu jeung guru wilangan, teu salawasna luyu jeung patokan nu geus ditangtukeun, aya padalisan nu jumlahna kurang tina patokan, aya ogé anu leuwih. Pupuh anu aya dina ieu wawacan, nya éta: Asmaradana, Sinom, Dangdanggula, Kinanti, Pangkur, Mijil, Magatru, Maskumambang, Gambuh, jeung Ladrang.
- 4) Ajén budaya anu kapanggih dina *Wawacan Pangantén Tujuh* di antarana réligi jeung kaparcayaan, sistem organisasi jeung kamasarakatan, basa, kasenian, élmu pangaweruh, jeung téhnologi katut pakakas.

- 5) Ieu hasil panalungtikan anu mangrupa ajén budaya dina Wawacan Pangantén Tujuh, bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMP kelas VIII. Hasil henteuna éta bahan gumantung kana kaparigelan guru dina ngajarkeun jeung gumantung kana kamampuh siswana dina narima pangajaran anu ditepikeun ku guru.

## 5.2 Saran

Kiwari, karya sastra Sunda buhun geus kurang kapaliré deui ku masarakat. Balukarna, karya sastra buhun dina wangun wawacan kurang dipikawanoh. Sabada nalungtik ngeunaan unsur intrinsik jeung ajén budaya dina *Wawacan Pangantén Tujuh*, aya sababaraha hal anu kudu di tepikeun, saperti ieu di handap.

Pananglutik téh ngan medar unsur intrinsik anu ngawengku téma, carita, plot, penokohan, jeung latar. Ku kituna perlu aya pananglutik anu medar leuwih jembar ngeunaan unsur intrinsik éta.

dipiharep hasil ieu pananglutik bisa dipaké pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran ngeunaan unsur intrinsik novél, luyu jeung GBPP. Aya sababaraha saran nu hayang ditepikeun kadina ieu pananglutikan , di antarana:

- 1) Pikeun adi-adi Jurusan Pendidikan Basa Daerah

Dipiharep bisa ngalaksanakeun deui pananglutikan ngeunaan wawacan tina sawangan nu séjén.

2) Pikeun Guru Basa Sunda

Guru kudu ngabogaan pangaweruh ngeunaan karya sastra, kaasup wawacan sarta mindeng méré pancén ka siswa pikeun macaan buku karya-karya sastra, utamana nu aya patalina jeung wawacan atawa carita buhun séjénna.

- 3) Perlu ayana uji coba pikeun ngukur kamampuh sacara objéktif kana pamahaman siswa dina Wawacan Pangantén Tujuh.
- 4) Pikeun Lembaga kayaning sakola

Ieu hasil panalungtikan ngeunaan Wawacan Pangantén Tujuh bisa dijadikeun salah sahiji bahan ajar di sakola.

Tina hasil ieu panalungtikan bisa kainformasikeun, yén

